



Pa Pran Reta pou Jwenn Swen


Pandan epidemi COVID-19 lan

FloridaHealth.gov/COVID-19 • Depatman Sante Florid



Rele 911, si ou bezwen èd pou yon ijans medikal oswa pou nenpòt ijans anrapò ak yon pwoblèm sante ou genyen.

Pa pran reta pou jwenn swen akòz COVID-19. Sèvis dijans yo nan Florid prepare pou ede ou. Yo te mete ann aksyon plan ki pèmèt fonksyonman nòmal pandan y ap pran swen pasyan COVID-19 yo.



Si ou gen 65 an oswa plis, oswa si ou gen nenpòt nan pwoblèm yo ki anba a, li enpòtan pou pran swen sante ou pandan epidemi COVID-19 lan.

- Maladi kwonik nan poumon oswa opresyon soti nan modere rive nan grav
- Pwoblèm grav nan kè
- Obezite grav (endèks mas kò nan 40 oswa plis)
- Dyabèt
- Maladi ren kwonik ki nan dializ
- Maladi nan fwa
- Sistèm iminitè febli akòz: tretman pou kansè, fimen, transplantasyon mwèl zo oswa ògàn, defisyans iminitè, VIH oswa SIDA ki mal kontwole, ak itilizasyon pwolonje kòtikostewoyid ak lòt medikaman ki febli sistèm iminitè yot

Pwoteje sante ou pandan epidemi sa a:



- Rete an kontak avèk founisè swen sante ou. Pifò kabinè medikal nan Florid yo ofri sèvis telesante.
- Kontinye pran medikaman ou yo epi pa fè chanjman nan jesyon sante oswa plan tretman ou san ou pa pale avèk founisè swen sante ou anvan.
- Kenbe omwen yon pwovizyon medikaman preskripsyon ak medikaman san preskripsyon pou 2 semèn. Pale avèk founisè swen sante, konpayi asirans ak famasyen ou osijè pwovizyon anplis sa yo.
- Asire ou ajou pou vaksen ou espesyalman vaksen kont grip ak nemoni.

Konnen sentòm kouran COVID-19 yo:

- Lafyèv
- Frison
- Maltèt
- Tous
- Tranbleman repete avèk frison
- Malgòj
- Souf kout
- Doulè nan misk
- Vin pa ka pran gou oswa pran sant
- Difikilte pou respire

Konnen siy avètisman dijans yo pou COVID-19:

- Pwoblèm pou respire
- Doulè oswa presyon pèsistan nan pwatrin
- Nouvo konfizyon oswa ou pa kapab reveye
- Po bouch oswa figi ki vin ble